ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№98 (23.256) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 25, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъу щхьэхуэхэр зыIыгъ цIыхухэм нэгъуэщI къэралхэм, дунейпсо зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм, адрей жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ организацэхэмрэ я цIэ лъапIэхэр, фIэщыгъэцIэ хэхахэр, наградэхэр, кьинэмыщI щIыхь дамыгъэхэр къызэрыIах щIыкIэм теухуа Положенэр къэщтэным и Iэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Коррупцэм пэщIэтыным и Iэхэр» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къащта Федеральнэ закон №273-ФЗ-м и 12.1-нэ статьям и Iыхьэ 3-м и пункт 8-р гъэзэщIэныр къызэгъэпэщын мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъу щхьэхуэхэр зыIыгъ цIыхухэм нэгъуэщI къэралхэм, дунейпсо зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм, адрей жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ организацэхэмрэ я цIэ лъапIэхэр, фIэщыгъэцIэ хэхахэр, наградэхэр, кьинэмыщI щIыхь дамыгъэхэр къызэрыIах щIыкIэм теухуа Положенэр къэщтэным и Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 19-м
№57-УГ

КIуэкIуэ Юрий Налшык щыхуэзащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъплъыныгъэ щегъэкIуэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Кравцов Сергей

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хуэзащ республикэм лэжьыгъэ IэзэкIэ къэкIуа, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я Iэнатlэм кIэлъплъыныгъэ щегъэкIуэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Кравцов Сергей. Ахэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар 2015 - 2016 гъэ еджэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курыт школхэр къыщызыуххэм къэрал экзаменхэр къызэрыIахыну щыкIэрщ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщхьэхукIащ экзамен зэгуэтхэр къыщыIахкIэ мыхъумыщIадамыгъэхэр къызэрыIах щIыкIэм теухуа Положенэр къэщтэным, мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 19-м
№57-УГ

• КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ЩIыпIэ Iуэхухэм - гулъытэ нэхъыбэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм депутатхэр щедэIуащ икIи щытепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр зэрыщызэрагъакIуэм теухуауэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №131-ФЗ-уэ 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къыдэкIар Ново-Полтавскэ къуажэм и щапхъэмкIэ гъэзэщIа зэрыхъум.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэм къыщыпсэлъащ Ново-Полтавскэ къуажэм и Iэтащхьэ Кожухов Кирилл. Жылэм щопсэу цIыху 1022-рэ. ЩIыпIэ администрацэм и унафэм щIэтщ щIы, гъавэщIапIэ зэмылIэужьыгъуэу гектар 3081,6-рэ.

Къуажэм щыIэщ еджакIуэ 85-м хухаха школ, зи школ кIуэгъуэхэр щагъасэ Iуэхущ1апIэу сабий 80-м хуэщIар, фельдшеракушер пункт, цIыхум 100-м щакIэпльыпIльфыну, Щэнхабзэмкlэ унэ, нэгъуэщI Iуэхущ1апIэ зыбжанэ.

Ново-Полтавскэм лэжьэфыну цIыху 575-рэ дэсщ. Абыхэм ящыщу 553-р Iэнатlэ пэрытщ, лэжьапIэнщэхэмкIэ центрым цIыхуи 5-м зыщыгасэтхащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, лэжьэфыну псоми ящыщу Iэнатlэ зимыIэр процент 0,86-рэщ. Къэпсалъэм къызэрыхигъэщамкIэ, щIыпIэ администрацэр зэпымыууэ хущIокъу Iэнатlэнщэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэным. Абы цIыхухэр щыгугъаз ещI я унагъуэ лъапсэм зрагъэужьын, апхуэдэу хьэрычэт лэжьыгъэ мащIэм хьэхьэн папщIэ кредитхэр къызэрыIахыну щыкIэм.

Кожухов Кирилл къыхигъэбелджылыкIащ «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр зэрыщызэрагъакIуэм теухуауэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законыр гъэзэщIэныр гугъу зыщI къалэн зыбжанэ. Абыхэм ящыщу нэхъ лъэпощхьэпоц щIыпIэ самоуправленэм и органхэм пщэрыль щащIа къалэнхэр ягъэзэщIэн папщIэ мылъку къаззремэщIкIыр. Зи гугъу тщIы Федеральнэ законыр къуажэм гъэзэщIа зэрыщыхьу щIыкIэм къегъэльагъуэ щIыпIэ самоуправленэм и закъуэу а лэжьыгъэр зэрырихьэкIыр. А Iуэхуэхэр зэфIагъэкIыфынукъым абыхэм ирахьлIэну ахъшэ ямыIэу. Ар социально-экономикэ къалэн ткIийкэр зэфIагъэкIынымкIэ зэран хуохъу икIи Iэмал къаритырыкъым езыхэм я щIыналъэхэм зрагъэужьыну.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIым теухуа муниципальнэ кIэлъплъыныгъэр къызэрыщыщIэрагъэпэщ щIыкIэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 27-м
Налшык къалэ №72-ПП

Урысей Федерацэм ЩIымкIэ и кодексым и 72-нэ статьям и пункт 2-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIым теухуа муниципальнэ кIэлъплъыныгъэр къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Муниципальнэ щIыналъэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныкIэ я органхэм эдэщ1эу щIыпIэ самоуправленэм и органхэм ящыгъуэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм пщэрыль щащIа къалэнхэр ягъэзэщIэн папщIэ мылъку къаззремэщIкIыр. Зи гугъу тщIы Федеральнэ законыр къуажэм гъэзэщIа зэрыщыхьу щIыкIэм къегъэльагъуэ щIыпIэ самоуправленэм и закъуэу а лэжьыгъэр зэрырихьэкIыр. А Iуэхуэхэр зэфIагъэкIыфынукъым абыхэм ирахьлIэну ахъшэ ямыIэу. Ар социально-экономикэ къалэн ткIийкэр зэфIагъэкIынымкIэ зэран хуохъу икIи Iэмал къаритырыкъым езыхэм я щIыналъэхэм зрагъэужьыну.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Къэрал унафэхэр зэрагъэзащIэм хоплъэ

Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ мазэм къыдигъэкIауэ щыта указхэр Лэскэн щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм теухуа зэIущIэ район администрацэм и унэм накъыгъэм и 20-м щригъэкIуэкIащ КъБР-м и Къэрал чэнджэщагъэу Къэрмокъуэ Хьэчим.

ЗэIущIэм кьурихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщагъэу Уянаевэ А. М., районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Афlэунэ А. М., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщI нэхъыщхьэхэм я чэнджэщагъуэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ Iэнатlэм и консультант Вяльцев Г. В., КъБР-м узыншагъэр хьумэныкIэ и министрым и дэIэпыкъуэгъу Мэкъуауэ Э. Къ., КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Шавачий Т. Ю., КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ацкъан Р. Р., КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм сабийхэр гъэсэныкIэ щIэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтыныкIэ и къудамэм и Iэщ1агъэлI-эксперт пажэ Дышэкl Б. М., Лэскэн районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и ящ хуэдзэ Тымыжь Хьу. Хь., район администрацэм и управленэхэмрэ къудамэхэмрэ я унафэщIхэр, къуажэхэм я Iэтащхьэхэр, Анзорей дэт район сымаджэщым и докутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ Алий З. Ю. сымэ.

УФ-м и Президентым и «накъыгъэ» указхэр, республикэм и Iэтащхьэм къыгъэуба пщэрыльхэр Лэскэн щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм теухуауэ доклад ищIащ район администрацэм и Iэтащхьэм и ящ къуэдзэ Тымыжь Хьусэн. Абы къызэригъэльэгъуамкIэ, Лэскэн щIыналъэм гупльитэ хэха щыхуащIащ инвестицэ щытыкIэ тэмэм зэтегъэувэным, лэжьапIэ Iэнатlэщ1эхэр къызэIухыным икIи лэжьапIэнщэхэр гъэмэщIэным, школхэмрэ сабий садхэмрэ уху1эным, лажьэу щыIэхэр егъэфIэкIуэным, нэгъуэщI хэмм.

КъБР-м и Къэрал чэнджэщагъэу Къэрмокъуэ Хьэчим къыщыпсалъэм Iупщ1у къыхигъэщ1ыкIащ УФ-м и Президентым къигъэува къалэн инхэр нэгъэсауэ гъэзэщIа хъун папщIэ нэхъ зэгугъупхъэ Iуэхуэхэр.

Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Лъэныкъуитlми я фейдэ хэлъу зэдэлэжьэну зэгурыIуащ

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхьэрэм и Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм я лIыкIуэхэр хэту Москва къыщызэрагъэпэщащ «Телемеханика» акционер зэгухьэныгъэ зэIухамрэ Италием щыщ «Техно-Альпин» компаниемрэ я унафэщIхэм я зэIущIэ.

Абы щытепсэлъыхьащ къуршхэм щыIэ зыгъэпсэхупIэхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр, хэхауэ къапщтэмэ, уэс Iэрыщ1эхэр зыгъэхьэзыр генераторхэр къыщIэзыгъэкIыну предприятэ зэщIыгъуу къызэгъэпэщыным. Лъэныкъуитlми кьыхагъэщащ апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм сэбэпыначъыщхъэ къызэрихьырэр.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щIым теухуауэ щыкIэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм накъыгъэм и 16-м
Налшык къалэ №85-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщIэ цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм и Iуэхукlэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхур щыпсэун папщIэ 2016 гъэм и апэ кварталым нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм хахьэ зыхуэдизыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныmрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къызэрыхилъхьам тету социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ гъэувын зы цIыхум хуэзэу сом 10609-рэ, лэжьэгъуэ ныбжьым и цIыхум папщIэ сом 10942-рэ, пенсионерхэм папщIэ 8192-рэ, сабийхэм папщIэ 11711-рэ хъуурэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

ПсыкIэху къуажэм щыщ унагъуэхэм щIапIэхэр хухах

Бахъсэн районым щыщ ПсыкIэху къуажэм щыщ унагъуэу 62-м унэхэр иращIыхьын папщIэ иджыблагъэ псори зэхэту щIыуэ гектар 0,7-рэ хуагуэшащ. Дэтхэнэми хуэзэу гектар 0,1-рэ ираташ сабийуэ щы е нэхъыбэ зиIэ унагъуэу 20-м, унагъащIэу 35-м, Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэу 3-м, сабий ныкъуэдыкъуэхэр зиIэ унагъуэу 4-м.

КъУАЖЭ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим къызэрыджIамкIэ, мы илъэсым кьриубыдэу иджыри унагъуи 10-м щIапIэхэр хухахынущ.

Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм къыдигъэкIауэ щыта указхэм, «КъБР-м и щIыналъэм псэупIэхэр щахуэхэн папщIэ цIыху гуп щхьэхуэхэм ящыщхэм пщIэншэу щы Iыхьэхэр етыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым я1кIэ зэ закъуэу Iэ пIэт зэрыхъунур. Езы Iэлэтыр мэкъуауэгъуэм и 5 пщIондэ екIуэкIынущ.

МАХУЭ Сулътlан.

«Административнэ комиссэхэр къызэрэгъэпэщыныmрэ гъэлэжьэныmкIэ, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм къулыкъу щызыщIэхэм ящыщу административнэ къуаншагъэхэмкIэ протоколхэр ятхыну полномочие зиIэхэм я спискэр убзыхуныmкIэ къэрал полномочие щхьэхуэхэр муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныmкIэ я органхэм етыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Административнэ комиссэхэр къызэрэгъэпэщыныmрэ гъэлэжьэныmкIэ, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм къулыкъу щызыщIэхэм ящыщу административнэ къуаншагъэхэмкIэ протоколхэр ятхыну полномочие зиIэхэм я спискэр убзыхуныmкIэ къэрал полномочие щхьэхуэхэр муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныmкIэ я органхэм етыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзэн икIи цIыхухэр щыгуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№445-П-П

«Граждан Iэхуэхэмкlэ актхэр къэралым итхыныmкIэ полномочиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщыдагъэкIым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Граждан Iэхуэхэмкlэ актхэр къэралым итхыныmкIэ полномочиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщыдагъэкIым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзэн икIи цIыхухэр щыгуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№447-П-П

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэ накъыгъэм и 20-м иригъэкIуэкIащ. Абы щызэхалъхьэжащ блэкIа илъэсым а Iуэхущ1апIэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм къикIуаэмрэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуамрэ, дяпэкI я къапэщыт къалэнхэри щабзыхуащ.

ХэкIыпIэщIэхэм лъыхъуэн

• Зэ1ущIэхэр

ФИНАНСХЭМКIЭ министр Лыхь Заур къызэрыхигъэщамкIэ, езыр зи тхьэмадэ Iуэхущ1апIэр гъэ блэкIам нэхъыбэу зи ужь итар, УФ-м и Президентым и накъыгъэ указхэр и тегъэщIапIэу, псэуныгъэм ехьалIа Iуэхугъуэхэр зэфIэгъэкIынырщ. Ар хущIэкъуащ ди щIыналъэм и бюджет зэщIэгъэуIуар Iэмал зэриIэкIэ нэхъыфIу къызэригъэсэбэпыным.

- КъБР-м и бюджетыр 2015 гъэм зыхуэдар къызэIуахьауэ бжыгъэ нэхъыщхьэхэр мыращ: хэхъуэхэр - сом мелард 25-рэ мелуан 736,6-м нэблагъащ. Нэгъабэрэм елытауэ ар процент 105,7-кIэ нэхъыбэщ икIи Урысей Федерацэм ику иту щызекIуэ бжыгъэм хуэдизщ. ХэщIыр сом мелард 28-рэ мелуан 679,4-м нэсащ. Ар, абы илъэс ита илъэсым ейм елъытауэ, процент 108,4-кIэ нэхъыбэщ. А псори кьриузэщIэтхъуэжу къэдгъэльэгъуэнщи, республикэм и экономикэр щытыкIэ гугъуэ итами, хэхъуэхэми хэщIыхьи я бжыгъэр нэхъыбэ тщIын тхузэфIэкIащ, - жиIащ министр Лыхь Заур.

КъыхэгъэщIапхъэщ 2015 гъэм республикэм и бюджетым хэщIам и процент 64-р егъэджэныгъэм, узыншагъэр хьумэным, псэуныгъэм пыщIа Iэнатlэхэм зэрытрагъэкIуэдари.

Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий и кIэух псалъэм къыщыхигъэбелджылыкIащ хэхъуэхэм зэрызаIэт псынщIагъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр УФ-м щыпашэ щIыналъи 10-м яхьхьэми, а хэхъуэ дыдэхэр къызэремэщIэкIыр.

- Абы къыхэкIыуи, министерствэм гулъытэ нэхъыбэ зыхуищIын хуейр бюджетым къыIэрыхьэр тхьилъыmпIэм иритэныракъым, атIэ республикэм езым и хэхъуэхэр къызэрIэтын Iэмалхэр къыхуэупльхьэнырщ, налог къызыхахэм нэхъри зегъэубгъуныр, дэтхэнэ къулыкъущIэми езыр зыпэрыт Iэнатlэм егъэщIапIауэ ихь жуальр гъэткIиныщ, - жиIащ Мусуковым.

Лыхь Заур къызэхуэсахэм яжриIащ езыр зи пашэ министерствэм и лэжьыгъэр зэрыригъэфIэкIуэну Iэмалхэр мы зэманым къызэрыльхьуэри, налогышхуэ зыт Iуэхущ1апIэ инхэм хуаIэ пыщIэныгъэхэр ягъэбдзэну зэрамурадри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

♦ЯфIэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ
♦Филологым и махуэщ
♦Африкэм и махуэщ. Африкэ зэкъуэтыныгъэм и зэгухьэныгъэр къыщыдзэрагъэпэща махуэщ (1963 гъэм).
♦Иордание Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - и щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1945 гъэм къэралыр къыщIэкIащ Инджылызым и унафэм.
♦НэгъуэщIхэм я унафэм щIэт щIыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтныгъэм и махуэщ
♦Инджылызым щагъэлIапIэ гъатхэм и махуэр
♦США-м щыщ зауэлIхэу зи къэзын зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ
♦1705 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ Москва и уэрамхэр мывэкIэ къыщыкIынымэ теухуауэ.
♦1987 гъэм «Сыбыр» мылкъутэ атом кхъухьэр Полюс Ищхьэрэм нэсащ.
♦Югославием и унафэщIу илъэс 35-кIэ щыта **Иосип Броз Титэ** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.
♦Адыгэхэм я тхыдэр зыджа осетин щIэныгъэлI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Гарданов Батрэз** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.
♦Юстицэмкlэ къэрал чэнджэщагъу, жылагъуэ лэжьакIуэ **Ансокъуэ Мухьэрбий** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
♦Совет космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Гречкэ Георгий** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхуб усакIуэ **Тут Михаил** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, журналист, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкlэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Барэсбий** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
♦Молдавием и президенту щыта **Воронин Владимир** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр цIэрыIуэ **Даль Олег** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Актёр цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфаща **Калягин Александр** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦Парт, къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ, УФ-м щыIэ зиIэ и ухуакIуэ **Бозий Натбий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм транспортымкIэ и академием и действительнэ член **ЗекIуэрей Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦Урысей уэрэджыIакIуэ, актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Орбакайте Кристинэ** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык пщэрэкъэ-текIуэщыщытынуц. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 12 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зым ищIэр щэхущи, тIум ящIэр нахуэщ.

Дыдейхэм Iэ яхуэдвгъэIэт

• ЗыгъэпсэхупIэхэр

«Архъыз», «Iуащхьэмахуэ» курортхэр хэтынущ «Спорт индустрием щыпашэхэр» саугъэтыр къэхьыным теухуа онлайнIэIэтым и кIэух зэпеуэм. А тыгъэр къэзыхьэхуам щратыжынущ спортым, туризмэм, жыджэру зыгъэпсэхуным егъэщIэлIа индустриием Къэрал зэхуакум конгрессым и щIыналъэ къудамэм и зэIущIэм.

«КАВКАЗ Ищхьэрэм и куротхэр» АО-м хиубыдэу гъэ псом и кIэуцIкIэ лажьэ «Архъыз», «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексхэр «Бгы-лыжэ курорт нэхъыфI» лIэужьыгъуэмкIэ гран-при зратыну къагъэлъэгъуахэм хагъэхьащ.

ТекIуахэр къэхъэзыхынур Интернетыр къэзыгъэсэбэпхэмрэ Iуэхум фIыуэ хэзыщыкI жюримрэщ. Дамыгъэ зэхьащIэр Урысейм и бгы-лыжэ курорт нэхъыфIым ираты-нущ, цIыхухэм Iэуэ хуаIэтар зыкуэдизымрэ жюрир зэрыхэплъэжьмрэ ятещIыхьауэ.

«Архъыз» е «Iуащхьэмахуэ» курортхэм языхэзым фыдэщI хъунущ мы сайтымкIэ: http://wintercongress.ru/award. Зы IP-адресым «укъипсэлъыкIыу» жэщ-махуэм и кIуэцIкIэ зэ закъуэщ Iэ пIэт зэрыхъунур. Езы Iэлэтыр мэкъуауэгъуэм и 5 пщIондэ екIуэкIынущ.

МАХУЭ Сулътlан.

• Гу зылъытапхъэ

Къалащхьэм Пушкиным и цIэр зезыхьэ и уэрамым махуэ зыбжанэкIэ транспортыр щызекIуэнукъым

Абы и щхьэусыгъуэр хуабэр зрикIуэ бжьамийхэр Нэгумэм и уэрамым къыщегъэжьауэ Толстоим и уэрамым хуэзэ Iыхьэм зэрыщызэрахъуэкIырщ. Лэжьыгъэхэм накъыгъэм и 23-м щIадзащ икIи бжьамийкэр нобэ зэхъуэкIын яухыну я мурадщ. Абы иужькIэ мэкъуауэгъуэм и 5-м нэсыху уэрамыр зэтес ящIыжынурэ асфальт тралъхьэжынущ.

А зэманым къриубыдэу маршрутым тет автобусхэр (№№5, 7-хэр) Толстоим и уэрамым - Щоджэцыкlым и уэрамым тету КIыщокъуэм и уэрамым нэс кIуэнурэ адэкIэ маршрутым теувэжынущ.

Налшык къалэм и администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

• Футбол

«Тэрч-2» (Грознэ) - «Спартак-Налшык» - 0:3

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Илпщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ Шэдэмым и Владимир дыгъуасэ щызэхэта зэIущIэм апхуэдэ бжыгъэ къикIуащ. Ди щIалэхэм ящыщу топхэр дагъэкIащ Акриев Хьэсэнэрэ (2) Гугуев Магомедрэ.

«Тэрч-2»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэIущIэр зэрекIуэкIамрэ зи чэзу джэгуэгъуэм и уэкIэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеуухуа тхыгъэ дыгъэм тетынущ.

ХЬЭТАУИслъам.

ЩІЫПІЭ Іуэхухэм - гулъытэ нэхъыбэ

(КІэухыр. Пэщідзэр 1-нэ нап.).

ЩІЫПІЭ самоуправленэм и органхэр хуабжьу гугъу йохь езыхэм я жылагъуэхэми абыхэм къегъэщІылІа щІыналъэхэм къызэрымыкІуэ къэхъукъащІэхэр къащІымыгъэхъуным, абыхэм я Іэужьхэр гъэкІудзыжьыным егъэщІылІа Іуэхухэр зэфІагъэкІынымкІэ, цІыхухэмрэ щІыналъэхэмрэ апхуэдэ къэхъукъащІэхэм щахъумэн и лъэныкъуэкІэ.

Ново-Полтавскэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ унэр щызэпэщыжыным, цІыхухэм стационар телефон связь яІэным, «Интернет» информацэ-телекоммуникацІэ сетым лъэІэсыным хэгъэзэа Іуэхухэр щызэфІагъэкІын хуэхьу.

Къэпсалъэм щхьэхуэу къыхигъэбелджылыкІащ «Ново-Полтавскэ къуажэм Радченкэ И. Ф. и цІэр зэрихьэу дзэ СОШ» МКОУ-м и унэр ремонтышхуэ ящІын зэрыхуейр. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, школым и унэм и щхьэр кхъахэ хъуащ, и щхьэгъубжэхэр зэхъуэкІын, пэшхэр зэрахьэн хуейщ. Псом хуэмыдэу кхъахэ хъуар спорт пэшырщ. «Мис а псом къыхэкІыу ди къуажэм щыщ языныкъуэхэм ди школыр ямыдэжу сабийхэр яшэ ди гъунэгъу жылагъуэхэм щыІэ ебжаІэхэм. Ар и щхьэусыгъуэщ школым сабийхэр зэрыримыкъум икІи абы и зэранкІэ егъэджакІуэхэм я улахуэм кІэроху, ахэр Іухьэ-Іукщ. Мы зэманым еджаІпэм 14-нэ класс иІэкъым», - къыхиГъэщхьэхуІащ Кожухов Кирилл.

Депутатхэр щІэупщІащ гъабзэщІапІэхэр бэдэжэду зэратым къыхэкІыу муниципальнэ районым къыІэрихьэ хэхъуэхэр, а мыпхъум щыщу къуажэм и бюджетым къыхэкІуэж ахъшэр зэрыхъум, егъэджакІуэхэм я улахуэхэр зыхуэдизым, нэгъуэщІхэми.

Аграр политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щІы зэхущытыкІэхэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** хуейт цІыкІу псори сабий садхэм ягъэкІуэфмэ зригъащІэну. Къэпсалъэм къыхигъэщхьэхуІащ зи школ кІуэгъуэ мыхъуэхэр щІыгъ Іуэхущапіэхэм мы зэманым чэзуэхэр зэрыщымыІэр.

Зытепсэлъыхьа Іуэхухэм теухуауэ Президиумым чэнджэщ зыбжанэ яхуигъэлъэгъуащ мы Іуэхум си сэбэп хэлъхэм.

«Бюджет зэхущытыкІэхэм я Іэнатіэм республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкІынымкІэ щегъэгъуэтыным и Іуэхукіэ» КЪБР-м и законым и проектым къыдэхуасахэр щыгъуазэ ищІащ бюджетымкІэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Афэщіагъуэ Михаил**. Абы къагурагъэІуащ мы хабзэгъэуэ проектыр КЪБР-м и бюджет Іэнатіэм хэтхэм къыхалъхьахэм ятещІыхьауэ зэрагъэхьэзырар икІи ар «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджет зэхъуэкІынымкІэ и унафэщІ **Афэщіагъуэ Михаил**. Абы къагурагъэІуащ мы хабзэгъэуэ проектыр КЪБР-м и бюджет Іэнатіэм хэтхэм къыхалъхьахэм ятещІыхьауэ зэрагъэхьэзырар икІи ар «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджет зэхъуэкІынымкІэ и унафэщІ Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законым щыІэ щыгъэзыхьуэ зэрыщымыІэр.

Псалъэм и хьэтыркІэ, проектым къыщыгъэлъэгъуащ республикэ бюджетыр зэрагъэзащІэ Іэмал щхьэхуэхэр, абыхэм республикэм и къэрал властым и органхэмрэ республикэ бюджетым ящІэрыІэ зэхэмрэ бюджет мыпхъум къагъэсэбэпынымкІэ къапэщІт къалэнхэри яхэту. Республикэ бюджетым кІыхькІ бюджет зэхуакъ трансфертхэр УФ-м и Бюджет кодексым тещІыхьауэ щытын хуейщ.

Бюджет законодательствэм и хабзэхэу езыхэм пщэрыльэ щащІа кальэнхэр ирыригъэзгъэзащІэн папщІэ щІыпІэ бюджетхэм субвенцэхэр яхуэгъэІыпщынхэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджет ухуэкІэмрэ бюджет лэжьыгъэмрэ зэрыщыгъэувам и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законым щІагъу УФ-м псоми я зэхуэдэ юридикщэм и федеральнэ судхэм я приснжнэ заседателхэм я кандидатхэр къэгъэльэгъуным (зэрахъуэжыным, щІагъуным) хуэгъэзауэ къэралым и пщэ дэлъ полномочиехэр пхагъэкІыным ахъшэ зэрыхухах, апхуэдэу дзэ комиссариатхэр здэщымыІэ щыналъэхэм зи къеджэгъуэхэр пэщІэдзэ учётым ягъэувын папщІэ субвенцэхэр зэрыхуэуТІыпщ хабзэхэр.

Апхуэдэу депутатхэр эпльащ «Республикэ закон щхьэхуэхэм зэхъуэкІынымкІэ» хэльхэным и Іуэхукіэ» КЪБР-м и законым и проектым, УФ-м и адрей щІыналъэхэм я депутатхэм къыхуагъэльэгъуа хабзэгъэуэ жэрдэм зыбжанэм.

Къыхуагъэхьа тхыльхэм хэпльэри, президиумым хэтхэм унафэ къащтащ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхыльыр лэжьыгъэм и ветеран Бейтыгъуэн Назир, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакцэм и корреспондент Белгъэрокъуэ Марьянэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телевизионнэ канал» къэрал кІэзоно Іуэхущапіэм «Махуэ хъыбарыщІэхэр» и программэр къызэзыгъэпэщ корреспондент икІи ар езыгъэкІуэкІ Дол Марьянэ, «Заман» газетым и редакцэм жылагъуэ-политикэ гъащІэмкІэ и кІудамэм и редактор Тикаевэ ФатІимэ сымэ иратыну.

ЗэІуущІэм и кІэуэм ягъэльэгъуащ КЪБР-м и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм хэт Ашэбокъуэ Дамирэ 115-нэ шуэй дивизэм теухуауэ триха фильмыр. Мы лэжьыгъэр зэфІагъэкІащ КЪБР-м и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэмрэ «Урысей зэкъуэт» партым и щІэблэщІэ гвардиемрэ икІи ар теухуащ накъыигъэм и 9-м ягъэльэпІа ТекІуэныгъэм и махуэм. Іуэхур зыхуэгъэзэри щІалэгъуалэм патриот гъэсэныгъэ егъэгъуэтынырщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

● Общежитхэр

Ущыпсэуну нэхъ тынш мэхъу

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и общежит №4-р нэгъабэ и фокІадэ лъандэрэ зэрагъэпэщыж.

ЩХЬЭГЪУБЖЭХЭМРЭ бжэхэмрэ пластикым къыхэщІыкІам хуэдэкІэ яхьэжащ, пщэфІапІэхэр ремонт ящІащ, газ хьэкуущІэхэр щІагъэуващ, хьэкъуащІыкъу тхьэщІапІэхэр зэрахъэкІащ, зэрыжьыщІу машинэхэр кІащащхуащ. Апхуэдэу къат псоми псы хуабэ зэкІуалІэ зыгъэпскІыпІэхэр, санузелхэр хащІыхьащ. Студентхэм зэрыжаІэмкІэ, общежитым ущыпсэуну куэдкІэ нэхъ тынш хъуащ.

- Общежитым и теплъэщІэм хуабжьу удехьэх. Езы унэмрэ и къатхэмрэ нэрылъагъуу ефІэкІуащ, псом хуэмыдэу зыгъэпскІыпІэхэмрэ пщэфІапІэхэмрэ дыщогуфЫкІ. Тыншу дыщыпсэун щхьэкІэ, дызыхуейхэр кІалъытащи, псори сигу ирохь, - жиІэ университетым хамэ хэращ къыкІа еджакІуэхэм ядэлэжьэныкІэ и факультетым щІэтІысхьэнухэр щагъэхьэзыр и гупым и япэ курсым и студенткІэ Джаките Балакиссэ.

Епланэ блокым и ремонтыр яухауэ, ещанэр зэгъэпэщыжыным щІадзэ.

УЭЛДЖЫР Аринэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Республикэм и бюджетым зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ 2016 гъэм, 2017 - 2018 гъэхэм ятещІыхьа республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъунум теухуа зэІуущІэ. КЪБР-м финансхэмкІэ и министр Лыхъ Заур къэпсэльащ а Іуэхум теухуауэ. Правительствэм и Унафэм егъэбелджылы бюджетыр зэгъэзэхуауэ къызэрагъэсэбэпыну щыкІэр. Ящэ ирагъэщынухэм ящыщщ 2016 гъэм щІыныгъэм и 1-м ирихьэлІэу яІа хъуа кредит щІыхуэр пшынижыныр, хущхьэ, ерыскъы къэщхьуныр, налогыр, пошлинэр, фІэкІыпІэ имыІэу пшынын хуей нэгъуэщІ Іуэхутхьэбзэ уасэхэр. Унафэм щыгъэбелджылащ КЪБР-м и къэрал Іэнатіэ пэрытахэр, къэралым къулыкъу хуэзыщІахэр пенсіІуа нэужь иратыну ахъшэ зэрыІутыр. 2017 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа «Доступная среда» къэрал программэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну мылъкур зэрытрагуэшэну щІыкІэр.

РЕСПУБЛИКЭ бюджетым щыщу лэжьапщІэм, пенсэм, социальнэ, медицинэ страхованэм, цІыхухэм ядэІэпыкъуным, стипендиием, щІналъэ щІыхуэр пшыныным текІуэдэнур щыІэщ икІи мы гъэм зыпэмыплъа гугъуехь къыкъуэкІын хуейкъым. «КЪБР-м и республикэ бюджетыр 2016 гъэм, 2017 - 2018 гъэхэм ятещІыхьауэ» Закономк зэхъуэкІынымкІэ щхьэхуэхэр иГъэщІащ, 2015 гъэм и дыгъэгъазэм хуэзэ улахуэр а мазэм тыныр, кредит щІыхуэр пшынынымр яГъэІэпхъуэ зэрымыхъум кхъыхэкІыу. Апхуэдэу хэхъащ республикэм пыухыкІауэ щагъэзэщІа инвестицэ программэм ихь мылъкуми. Нэхъыбэ зратар Уэзнышагэр хъумэнымкІэ министерствэщ - сом мелуан 62,2-рэ. Абы щыщу сом мелуан 58-р ихьащ куэдрэ зэрымыхьалІэ узыфэр зыпкърытхэм ядэІэпыкъуным; ЕгъэджэнымкІэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ министерствэм - сом мелуан 260-рэ. Ар текІуэдащ дыгъэгъазэм и улахуэр тыным. Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм - сом мелуан 252,7-рэ. Ар халъхьащ федеральнэ субвенцэм. Республикэм щагъэзэщІа инвестицэ программэм - сом мелуан 758,6-рэ.

Республикэ бюджетым и хэхъуэмрэ къагъэсэбэпымрэ нэхъыбэ хъуащ сом мелардрэ мелуан 362,2-рэ хуэдизкІэ. Ветеранхэр псэупІэрэ хущхьэкІэ къызэгъэпэщыным ихьащ сом мелуани 111-рэ. Къэхэ хъуа унэхэм щыпсэухэр къыщІагъэІэпхъуэкІыным - сом мелуани 131-рэ.

Республикэм и хэхъуэр сом мелард 27-рэ мелуани 127-рэ, къагъэсэбэпар - сом мелард 28-рэ мелуан 470,2-рэ хъууэ къабжащ. ЗыхущыщІэр зэрыщытам хуэдэу къэнэжащ.

2016 гъэм и апэ мазищым цІыхур псэун папщІэ я нэхъ мащІэу зыхуеинур сом 10 609-рэ хъууэ ягъэбелджылат. Ипэ ита мазищым ебгъапщэмэ, абы процент 13,2-кІэ хэхъуащ.

ЗэІуущІэм къыщащтащ «Хьэрычэт цІыкІумрэ ику итымрэ я Іуэхущапіэхэзу КЪБР-м щыІэжэм кредит мащІэ етыныжкІэ фонд» зи фІэщыгъэ, мылъку къегъэщІыным емыпха компание къызэІуихыным теухуауэ КЪБР-м и Правительствэм къыхилъхьа проектыр. КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис къызэрыкІугъэщамкІэ, ар сэбэп хъунущ «КЪБР-м и шэсапІэ фонд» зэгуэхэныгъэм дэлжэхэмкІэ, хьэрычэт цІыкІумрэ ику итымрэ зегъэужьыным папщІэ мылъку къэугуеинымкІэ.

КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и убзыхуІэм зэхъуэкІынигъэ игъуэтащ. Министерствэм щылажьэхэм я бжыгъэр цІыхуи 6-кІэ ягъэмэщІэнущ, Іэнатіэ щхьэхуэхэм я фІэщыгъэр яхъэжьнущ. Ар хуагъэкІуэнущ къэрал Іуэху зехьэкІэм и иджырей мардэхэм.

● Бжэ зэІухахэм я махуэ

Хьэрычэтыщ Іэ щІалэхэм папщІэ

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм дэлажьэ ЩІалэгъуалэ советым накъыгъэм и 26-м сыхьэт 12-м щегъэжьауэ 15 пщІондэ иригъэкІуекІынущ Урысей хьэрычэт Іуэхум и махуэм texyуа «Бжэ зэІухахэм я махуэ». Ар къызэрагъэпэщ хьэрычэт Іуэхум пэрыувагъащІэхэмрэ абы зезытіну зи мурадхэмрэ папщІэ. КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и конференц-пэшырщ зэІущІэр щекІуэкІынур. Хьэрычэт Іуэхум хыхьагъащІэхэм абы къыщащІэнущ я зэхуэмыдэныгъэхэм, налогхэм ятеуауэ яІэ упщІэхэм я жэуапхэр. Хьэрычэт Іуэхум, экономикэм, къэралыр къаэрыядзэпэныкъым, бухгалтер учётым ехьэлІауэ фызыщІэупщІэнухэр «Бжэ зэІухахэм я махуэр» щекІуэкІынум и пэ кІихуэу кІевгъэхь хъунущ. УпщІэхэм жэуап щратынущ зэІущІэм е ар зыхуэгъэзам электроннэ Іэмалхэмкіэ хурагъэхьыжынущ.

УпщІэхэр къыздевгъэхьынур: **ms_pri_op_kbr@mail.ru**. Фыпсалъэ хъунущ КЪБР-м и Жылагъуэ советым дэлажьэ ЩІалэгъуалэ советым экономикэмкІэ и комиссэм хэт Къаншокъуэ ФатІимэ и телефоным: **8-928-084-86-52** е е комиссэм и унафэщІ Тумановэ Еленэ и деж: **8-928-706-78-88**.

● КЪБР-м и прокуратурэм

ПІалъэр ягъэІэпхъуэ

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м къыдэкІа «Кабардино-Балкарская правда» газетым «Туманные общедомовые фІэщыгъэр иІэу кьытехуа тхыгъэм налышкадэс Свиридов Игорь и упщІэм жэуап ирет.

УРЫСЕЙ Федерацэм и законодательствэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэригъэутам къыхэкІыу, «УФ-м ПсэупІэмкІэ и кодексымрэ Урысей Федерацэм и язынныкъуэ законодательнэ актхэмрэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2015 гъэм мэкъуэгъуэм и 29-м къыдэкІа Федеральнэ закон №176-ФЗ-м и 12-нэ статьям 2016 гъэм гъатхэзэм и 30-м къащта Федеральнэ закон №73-ФЗ-мкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьам щхьэхуэу фыщыдогъэгъуазэ.

А зэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ, 2017 гъэм щІышылэм и 1 пщІондэ псоми я зэхуэдэ псэуалъэхэм хуэзэ ток уасэр электроэнергиер къэзыт Іуэхущапіэм и квитанцэмкІэ Іахьинущ.

2017 гъэм и пэщІэдзэм щегъэжьауэ псоми я зэхуэдэ псэуалъэхэм къыщагъэсэбэп токым хуэзэр унагъуэхэм ят пщІэм - унафэщІ компаниехэм я квитанцэм хабжэнущ. НэхъапэкІэ 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ а щІыкІэм хуэкІуэну я мурадащ.

2011 гъэм накъыгъэм и 6-м УФ-м и Правительствэм къищта Унафэ №354-м ипкъ иткІэ, псоми къагъэсэбэп псэуалъэхэм хуэзэр псэупІэу е мыпсэупІэу яІыгъ пэщхэм зэхуэдизу трагуашэ икІи, а хабзэр зымыгъэзащІэхэр, я фэтэрым пэкІуэ токыр уасэр зымытхэм хуагъадэу, федеральнэ законодательствэм къызэригъэуВым тету, жэуапым ирашащІэ.

Илъэсихым нэс кьех

«Псы бжьамийхэр» унафэщІ компание» муниципальнэ предприятэ зэхэтым и Іэтащхьэу лэжьа, 1951 гъэм къалъхуа цІыхухъум хуэгъэзауэ уголовнэ Іуэху къызэрызэІуахар КЪБР-м и прокуратурэм хабзэм къеІэгъыу къилъытащ. Ар игъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 199.1-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэ илэжьауэ.

УГОЛОВНЭ Іуэхум и тхыльхэм къызэрызэщІамкІэ, предприятэм и мылъкур ІэщІэлъу, Іэнатіэм и финансхозяйственнэ лэжьыгъэмкІэ, УФ-м и законодательствэм зэригъэбелджылым тету, налогхэр иригъуу и чэзум къраща бюджетым зэрыхалъхьэ щІыкІэмрэ ахэр зыхуэдизымкІэ, налог агентым и къалэнхэр нэгъэсауэ Іэнатіэм ІэкІэ жэуапткІуэ щытхэр, и Іуэхур дигъэкІын, предприятэр зэІузэпэщу къащигъэхьн, ныкъусаныгъэхэр щІиуфэн, компанием и лэжьакІуэхэм я деж и мыхьэнэм щыхигъахьуэу, зэман кІыхькІэ и къулыкъум кІытенэн мурадкІэ, 2011 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 19 пщІондэ щІыхуэм я хэхъуэм техьэ налогыу улахуэм хагъэкІа сом мелуан 15,2-м нэблагъэр бюджетым хилъхьакъым.

ЗэхищІыхьам папщІэ, абы илъэсихьым нэс кьеХь, апхуэдэу илъэсищым нэблагъэкІэ къулыкъу хэха иратыну е лэжьыгъэ пыухыкІа иригъэкІэну хуиткъым.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэ.

● Къэрал Думэр илъэси 110-рэ щрикъум рихьэлІэу

Дызыщыгугъ ныбжьыщІэхэр

Мы гъэм ди къэралым щагъэлъапІэ Урысейм и ипэ Къэрал Думэр илъэси 110-рэ зэрырикъур. Абы и щІыхькІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм мэлыжьыхь мазэр икІыу щрагъэкІуэкІащ КЪБР-м и депутатхэр зыхэта дерс зэІуахэмрэ щІэныгъэ конференцхэмрэ.

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и Аппаратым и унафэщІ, КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым хэт **Саенкэ Татьянэ** иджыблагъэ яІущащ Май къалэм дэт школ №93-мрэ Ново-Ивановскэ къуажэм щыІэ лицей №7-мрэ щеджэжэн. Депутатыр ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ урысей парламентаризмэм и тхыдэм.

Школакіуэхэм ирагъэлъэгъуащ парламентаризмэм и тхыдэм теухуа слайдхэмрэ сурэтхэмрэ.

НыбжьыщІэхэм щІэщыгъуэ ящІыхьащ парламентаризмэм теухуауэ къащІари.

Саенкэ Татьянэ тепсэлъыхьащ УФ-м и Къэрал Думэм и гъэпсыкІэм, фракцэхэм, комитетхэм. Щхьэхуэу къытеувыІащ КЪБР-м и Парламентымрэ 2016 гъэм Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахыну щыкІэмрэ. Абы жэуап иратащ еджакІуэхэм я упщІэхэм. НыбжьыщІэхэм яфІэгъэщІэгъуэнт депутат ухъун папщІэ пщІэн хуейр.

- Ятепрауэ, уи Іэщ1агъэм фІы дыдэу хэпщІыкІын, жылагъуэ Іуэхум жыджэру уэхтын хуейщ, - жиІащ Саенкэ Татьянэ. - Абы папщІэ иджыпсту щыщІэдзауэ фи зэфІэкІыр вгъэльэгъуэн хуейщ сабий, ныбжьыщІэ жылагъуэ зэгуэныгъэхэм фыхьыхьэурэ. Ильэс 18-м щегъэжьауэ КЪБР-м и Парламентым дэлажьэ ЩІалэгъуалэ палатэм, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм дэлажьэ ЩІалэгъуалэ советым хагъэхьэнухэр щыхах ІэІэтхэм фыхэтыну фыхуитщ. Нобэ абыхэм хэтщ щІалэгъуалэ жыджэрхэр. НыбжьыщІэхэм загъасэ гупым хэту лэжьэфу, хабзэм хащІыкІ мэхъу, волонтёр кьалэнхэр гъащІэащІэ, жылагъуэм дежкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр яубзыху.

● Бжэ зэІухахэм я махуэ

Хьэрычэтыщ Іэ щІалэхэм папщІэ

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм дэлажьэ ЩІалэгъуалэ советым накъыгъэм и 26-м сыхьэт 12-м щегъэжьауэ 15 пщІондэ иригъэкІуекІынущ Урысей хьэрычэт Іуэхум и махуэм texyуа «Бжэ зэІухахэм я махуэ». Ар къызэрагъэпэщ хьэрычэт Іуэхум пэрыувагъащІэхэмрэ абы зезытіну зи мурадхэмрэ папщІэ. КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и конференц-пэшырщ зэІущІэр щекІуэкІынур. Хьэрычэт Іуэхум хыхьагъащІэхэм абы къыщащІэнущ я зэхуэмыдэныгъэхэм, налогхэм ятеуауэ яІэ упщІэхэм я жэуапхэр. Хьэрычэт Іуэхум, экономикэм, къэралыр къаэрыядзэпэныкъым, бухгалтер учётым ехьэлІауэ фызыщІэупщІэнухэр «Бжэ зэІухахэм я махуэр» щекІуэкІынум и пэ кІихуэу кІевгъэхь хъунущ. УпщІэхэм жэуап щратынущ зэІущІэм е ар зыхуэгъэзам электроннэ Іэмалхэмкіэ хурагъэхьыжынущ.

УпщІэхэр къыздевгъэхьынур: **ms_pri_op_kbr@mail.ru**. Фыпсалъэ хъунущ КЪБР-м и Жылагъуэ советым дэлажьэ ЩІалэгъуалэ советым экономикэмкІэ и комиссэм хэт Къаншокъуэ ФатІимэ и телефоным: **8-928-084-86-52** е е комиссэм и унафэщІ Тумановэ Еленэ и деж: **8-928-706-78-88**.

● Пшыхьхэр

Лэжьыгъэмрэ пщІэмрэ

Накъыгъэм и 12-м Аруан щІналъэ сымаджэщым щекІуэкІащ Медсестрам и дунейпсо махуэм теухуа пшыхь. Пэшым къыщыІэзэхуэсат районым и медицинэ Іуэхущапіэхэм щылажьэ Іэщіагъэлі куэд. Псэ хьэлэмрэ гу къабзэрэ яІэу зи Іэнатіэр езыхьэкІэхэм я махуэшхуэмкІэ екъуэхуащ щІыналъэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ Хьэщіэлі ФатІимэ, медсестра нэхъыщхьэ Нэщіэпыджэ Анитэ сымэ. Абыхэм къыхагъэщащ медицинэ Іэнатіэм пылъ жэуаплиныгъэр зэрыиныр, сымаджэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэм и нэхъыбэр медсестрам и пщэ къызэрыдэхуэр, абы къалэнышхуэ зэригъэзащІэр.

ПРОФКОМЫМ хэт Цэмай Руслан къызэхуэсахэм екъуэхуа нэужь, Медсестрам и махуэр ильэс 23-рэ хъуауэ Урысейм зэрыщагъэлъапІэр жиІащ икІи дыщІыгъуащ апхуэдэ махуэшхуэхэм щІэныгъэ-практикэ лэжьыгъэхэр ирыригъэхьэлІэ зэрыхъунур, медсестра нэхъыфІыр къыхэхыныкІэ зэпеуэхэр къызэрагъэпэщыныр зэрыфІэигъуэр.

Узыншагъэр щрагъэфІакІуэу Аруан щІналъэм и Іуэхущапіэхэм курыт Іэщіагъэ зиІэ медицинэ лэжьакІуэу 552-рэ щолажьэ, абыхэм ящыщу цІыху 30-м нэблагъэр ильэс 30 - 40 хъуауэ зи Іэнатіэм хуэпэжу пэрытхэщ. Абыхэм ящыщщ ЩІыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмрэ зрата Аджырэ Оксанэ, Щоджэн ЪхЭишэт, Хьуэстышхуэ Людмилэ, Агрьащокъуэ Ринэ, Хьэлышх Тося, Аджырэ Светланэ, Шыбзыхьуэ Рае сымэ, нэгъуэщІхэри. Пшыхьыр гукъинэж, нэгуэшуж хъуным я гуащІэ хальхьащ сымаджэщым щылажьэхэм щІэблэ зэчиифІэм. Уэрэдхэмрэ къафэмкІэ утыкур ягъэдхащ Даур Даринэ, Къущыкъуэй Эльдар, Мамэ Алим, Тхьэгъэлэдж Заур сымэ, нэгъуэщІхэми. Апхуэдэу пшыхьым дахэу зыкъыщагъэльэгъуащ езы сымаджэщым и лэжьакІуэхэми, адыгэ къафэхэр игъэзэщІащ «Синдика» ансамблым.

КИМ Надеждэ.

● Теплъэгъуэхэр

Щыгъуэ-щІэж махуэм щІалэгъуалэри, ныбжьыщІэхэри, сабийхэри кърихьэлІащ.
Сурэтыр **Гунжафіэ Мухьэмэд** *трихадц. Налшык къалэ, 2016 гъэ, накъыгъэм и 21.*

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Урысей Федерацэм и школхэм нобэ иужьрей узэджынэр къыщоуз

Фи гъуэгу кІыхь хъуну дыфхоохъуахъуэ!

Нобэ, накъыгъэм и 25-м, ди къэралым и курыт еджапІэ псоми щагъэлъапІэ иужьрей узэджынэм и махуэшхуэр. Хабзэ зэрыхъущи, дэнэкІи щоІу а узэджынэ жьгъыурэ и макъ лъэщыр, ныбжьыщІэхэр, зэнаэ я гъэсакІуэхэр, егъэджакІуэхэр здынэса лъагапІэхэм щытхъэт техьэуэу, адэкІэ къыпІэщыпЪ къэлэнхэр екІуу зэрызэфІахьыным къыхуриджэу.

ШКОЛАКІУЭ ныбжьым ит дэтхэнэм и дежкІи мыхьэнэ ин иІэщ а махуэшхуэм. Ар я щІэныгъэ уэщ еланэ классыр къэзыхуаУэ еджэным и адрей дэкІуейпІэхэм хуэпабгъэ щІыкІуэным, абы пэлъэрт зи чэзу гъэ еджэгъуэр къезыхьэлІаУэ, зы нэкІэ Іэбауэ гъэмахуэм техьэхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ сабийхэм щІэныгъэ щрагъэпхуэт Іуэхущапі э 272-рэ. Абыхэм хохьэ курыт школхэри, прогимназиеэри, пэщІэдзэ школ-сабий садхэри, зи узэншагъэм сэкъат иІэ цІыкІуэхэм щадэлажьэ Іуэхущапі эхэри. А еджапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІэныгъэ щызрагъэгъуэт ныбжьыщІэ 90100-м щІигъум. Абыхэм ящыщу курыт школыр мы гъэм къаух ныбжьыщІэ мини 5-м нэблагъэм. А ныбжьыщІэхэм я дежкІэ псоми хуэдэжкъым нобэ иужьрей дыдэу къахуеуэну узэджынэм и макъыр. А махуэшхуэм и мыхьэнэр гурэ псэкІэ зыхэзыщІэ а щІалэгъуалэм я дежкІэ а зу макъ жьгъырур сабиигъуэмрэ балигъ ГъащІэмрэ яку дэлъ лъэмыж хъэринэщ, ГъащІэ Іыхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм я гъунапкъэ зэпгъпытпІэщ.

Школакіуэхэм я гуфІэгъуэр мы махуэхэм даІэт адэ-анэхэм, егъэджакІуэхэм, КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я ІыкІуэхэм, къалэ, кІуажэ администрацэхэм я Іэщ-ГъэлІэхэм. Іуэхум екъэлІа гуфІэгъуэ зэхуэсхэм апхуэдэу къаргъэблагъэщ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэм пщІэ щызэІэ нэхъыжьыфІхэр. Аэр псори щызэхуос макъамэ дахэхэр къыщыІу школ пщІантІэ хуитхэм. 11-нэ классыр къэзыуухэм нобэрей махуэр гукъинэж ящыхъун папщІэ школакІуэ нэхъыщІэхэми ялъэкІ къаГъэнакъым. Абыхэм школ щІыхьэпІэхэр, гуфІэгъуэ зэлъщІэр щекІуэкІ ныбжьыщІэ ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэ щІэныгъэмкІэ и кІуданэм и унафэщІ.

Цыхур цыху ирихъуръ ирилъагэу мы дунейм тет фІыгъуэшхуэр къыщалытэкІэ, псом ялъу къралуэр щалъхуа Хэкумрэ къыдалъхуа бзэмрэщ. Уи анэдэлъхубзэм и пщІэр зэлъытар уи адэжьанэжьхэм яхуэпщІ нэмысыращ, ущалъхуа Хэкумрэ ужьызыхэкІа лъэпкъымрэ яхуиІэ лъагъуныгъэращ. Дэтхэнэ щІыхуми гъуэгу къежьапІэ хуэхъур и анэдэлъхубзэращ. Адыгэ усакІуэ гъуэгуанэ Щоджэнцыкіу Алий жиІэгъащ: «Сыту тхъэмыщкІэ зи бзэрэ зи лъэпкъра зымыдэжыр! Мыбы хуэдэ насыпыншэм адрей зи къэхъугъуэхэр дремыплъэй!»

ІэмалыщІэхэр къыдогъэсэбэп

● Іуэху зехьэкІэ

Икъукіэ мыхьэнэшхуэ иІэщ егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм зэпымычу хагъэхъуэным, я кІуэхьым зрагъэужьыным, лэжьэкІэщІэ Іэмалхэм щыгъуазэ защІыным, опыткІэ зэхъуэжьным. Абыкіэ сэбэп мэхъу семинархэр, егъэджакІуэхэм я зэхуэсхэр. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэжьм я методическэ зэгухьэныгъэм илъэс къэс ирегъэкІуэкІ семинархэм жьыджэру дыхэтщ, ди зэфІэкІхэр, еджакІуэхэм зрагъэгъуэта ехьэлІэныгъэхэр къыщыдогъэлъагъуэ, урок зэІуахэр, мастер-классхэр идогъэкІуэкІ. Апхуэдэ семинархэм мыхьэнэ ин яІэщ сабийхэр я лъэпкъыбзэм пщІэ хуащІу, абыкІэ Іэзэу псэлъэфу, я гурыщІэхэр дахэу къаІуэтэфу есэныжкІэ. ЕгъэджакІуэхэмэ я педагогикэ Іэзэгъыр къагъэлъагъуэ, зым и деж адрейм Іэмалыщ Іэ гуэрхэр къыщеуцо. Ди хъуа-щІари щІихьуцІыхьэ ирихъуръ ирилъагэу мы дунейм тет фІыгъуэшхуэр къыщалытэкІэ, псом ялъу къралуэр щалъхуа Хэкумрэ къыдалъхуа бзэмрэщ. Уи анэдэлъхубзэм и пщІэр зэлъытар уи адэжьанэжьхэм яхуэпщІ нэмысыращ, ущалъхуа Хэкумрэ ужьызыхэкІа лъэпкъымрэ яхуиІэ лъагъуныгъэращ. Дэтхэнэ щІыхуми гъуэгу къежьапІэ хуэхъур и анэдэлъхубзэращ. Адыгэ усакІуэ гъуэзэджэ Щоджэнцыкіу Алий жиІэгъащ: «Сыту тхъэмыщкІэ зи бзэрэ зи лъэпкъра зымыдэжыр! Мыбы хуэдэ насыпыншэм адрей зи къэхъугъуэхэр дремыплъэй!»

ДИ ГУГЪЭМКІЭ, анэдэлъхубзэр хуэбгъадэ хъунущ псынэпс къабзэм. Цыхурмрэ ар зэрыпсалъэ бзэмрэ къыгуэхьпІэ ямыІэу зэпхащ. Ахэр зэпэІэщІэ хъумэ, псынэр гъужьнущ. Апхуэдэ къэмыхъуныр зэлъытар, а псынэпс къабзэр лъэпкъым яхуэзыхъумэр, адыгэбзэр щІэблэм яІурызылъхьэр егъэджакІуэхэращ. Ар икъукІэ кьалэныхуэщ икІи ар дэ зэрылтлъэкІкІэ догъэзащІэ.

Дэ адыгэбзэр илъэс куэд лъандэрэ щыдогъэдж Шэджэм кьалэм дэт курыт школ №94-м. Ди гъэсэнхэр сыт щыгъуи жьыджэру хэтщ еджапІэм, щІынальэм, республикэм къыщыІэрагъэпэщ зэпеуэхэм, икІи абыхэм щІэныгъэ куу, зэфІэкІ ин зэрабгъэдэлъым и щыхьэтщ апхуэдэ конкурс увыпІэфІхэр къыхэзыщахьыр. Псалъэм папщІэ, ди еджакІуэхэр гъэ къэс хэтщ республикэм щекІуэкІ «Псори сщІэну сыхуейщ» зэпеуэм, бзэмрэ литературэмкІэ олимпиадэхэм икІи япэ увыпІэхэр къыщахь.

Гулъытэ пыухыкІа хуэдмыщІу блэдгъэкІыркъым лъэныкъо и дежкІэ мыхьэнэ зиІэ зы махуэшхуи. ИкъукІэ дрогуфІэ Адыгэ лъэпкъыр къэщІэрэщІэжьыным и махуэ диІэ зэрыхъуэм. Ар Іэтауэ, район, къалэ унафэщІхэри, школ директорхэри, хъыбарегъащІэ Іуэхущапі эхэм я лыкІуэхэри кьедгъэблэгъауэ, дгъэлъэпІащ гъэ еджэгъуэ блэкІам. Театр къэгъэлъэгъуэныгъэ едгъэкІыр абы хэтахэми кьрихьэлІаэмии яІу кьинэжащ. Апхуэдэу дахэу едгъэкІуэкІащ Адыгэ фащэм и махуэри, Адыгэ тхыбзэм и махуэри.

● Гуапагъэ

Сабийхэм зыщІагъакъуэ

Кьыщэк къуажэм дэт курыт еджапІэм Іэмал псори къыщыІэзрагъэпэщ зи узэншагъэм сэкъат иІэ еджакІуэхэм адрейхэм къакІэрымыхуу щІэныгъэ зрагъэгъуэтын папщІэ.

«ПСОМИ я зэхуэдэ Іэмалхэр» къэралым программэм ипкъ иткІэ, еджапІэм и ехэнэ кьатым зэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрагъэкІуэкІащ: лъэгущІэ ирадзащ, бжэ щІыхьэпІэхэр нэхъ бгъуэ ящІащ, пандусхэмрэ зытхьэщІыпІэщІэхэмрэ яГъуэящ, мардэхэм кьыІэзригъэувым хуэдэу. Апхуэдэу классхэм щІагъуэващ а сабийхэм хуэкІуэ иджырей оборудованэхэмрэ унэльащІэхэмрэ. ЩІыІэщ сенсорнэ пэщ щхьэкуи. Абы щІэтщ зи нэхэм фІыуэ ямыльагъу, зи тхьэкІымэхэм тэмэму зэхамых, гугъу ехьу кьэзыкІухь сабийхэм папщІэ аппарат зэмылІэужьыгъуэхэр. Сабийхэм я узынщагъэм щыкІэпымпІэ медицинэм пэш щхьэхуэхэри кьыщызэІуахащ курыт школым. А псори хуабжьу сэбэпышхуэщ зи узынщагъэм сэкъат иІэ ныбжьыщІэхэм щІэныгъэ тэмэм яГуэтынымкІэ.

ТАМБИЙ Линэ.

ЛІыгъэкІи гуащІэкІи гъэнщІа гъуэгуанэшхуэ

Зи жылэм, зи лъэпкъым, зи хэкум псэ хьэлэлкІэ хуэлэжьа, зи щІыналъэр бийм щызыхъума, лъэужь дахэ кьыззынэкІа цІыхум хуэфащэ пщІэ щыпІагъэсыжьм деж гуапэ пщымыхъуу кьанэркъым. Абы и зы щапхъэщ Псыгуэнсу кьуажэм иджыблагъэ щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхуэсыр. Ар теухуауэ щытащ пщІэшхуэ зиІэу а жылэм дэса Гъуэгунокъуэ Къэралбий. Абы и цІэр фІащыжащ илъэс тІощІырыпщІкІэ унафэщІу щыпжьа школым.

ПСЫГУЭНСУ кьуажэм и мызакъуэу, ар Аруан районми фІыуэ ящащІыхуу щытащ. Къэралбий къикІуащ ЛІыгъэрэ лэжьыгъэ дахэкІэ гъэнщІа гъащІэ гъуэгуанэшхуэ. Хэку зауэшхуэр къэхъейуэ ди хэкум и кьалэхэр, кьуажэхэр зыр зым кІэлъыкІуэу бийм щиубыдым, 115-нэ зы дивизэм щІыгъуу щІалэщІэр дашащ фронтым икІи япэ зэманкэм связисту щытащ, иужьым ягъэкІуащ псэзэпытъхэпІэ Іэнатіэ - ар хагъэхьащ ІасхъущІэхэхэм.

Къэралбий хэтащ зауэр нэхъ гуащІэ дыдэу щекІуэкІа щІыпІэхэм, Сталинград кьалэр, Украинэр, Польшэр хуит къэзыщІыжаХэм ящІыгъуащ, Германиеми нэсащ. Зауэр ирихъ ирихъ и кьуажэжь къыгъэзэжри лэжьэн щІидзащ зыхуеджа Іэщ Іагъэмкіэ - егъэджакІуэу. Ильэс зыкъомкІэ а Іэнатіэм Іутауэ, Гъуэгунокъуэр яГъуэващ школым и директору. ИкІи и щІэныгъи и акъыли емыблэжу, щІэблэр егъэджэным, гъэсэным и гъащІэр щхьэзыуІыхь хуищІу, и щхьэ Іэхум япэ лэжьыгъэр иригъэщу и кьулыкъым пэрытащ.

Гъуэгунокъуэ Къэралбий и цІэр школым зэрыфащым теухуа зэхьэхьэм кьрихьэлІат егъэджакІуэхэри, Аруан районым и унафэщІхэри, кьуажэ гъунэгъухэм я лІыкІуэхэри, езы жылэм щыщ куэди. Гъуэгунокъуэм и Іуэхущафэр зыхуэдам, и Іэнатіэр екІуэр ещхьу зэрызэрихьам, адыгагъэ хэльу и гъащІэ Іыхьэр кьэзызэрихьэкІам тепсэльыльхьаэщ Аруан районыр щІыпІэ самоуправленэм и унафэщІ. Къэралбий иригъэджа **КІуцІ Валерэ**, апхуэдэу район администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Щоджэн Риммэ** сымэ, ягъуэщІэхэр.

- Къэралбий и Іэнатіэр тэмэму зэрызэрихьам теухуа щапхъэ гъунэжу кьыпхуэхьыныущ, - жиІащ егъэджакІуэ Бей Нинэ. - Псалъэм папщІэ зы пщэдджыжь къэмынэу ар епІыпт махуэм урокхэр зэредгъэкІуэкІыным ехьэлІауэ дгъэхьэзыра планкэм. Тэмэму къыльытэмэ, Іэ тридзэрт, иру иримыхьамэ, «мыр нэгъэсапэ хуэакъыми тІэкІу елэжьыж» кьыджиІэнт. Ди хъуа-щІари щІихьуцІыхьэным гу хуэзыщІа еджакІуэхэр «Си анэбзэ, си адыгэбзэ» гупжьейм къокІуалІэ, абыхэм зэхалъхьа тхыгъэ цІыкІуэхэм додалуэ, чэнджащ гуэрхэр ядот, нэхъ тхыгъэфІхэр, купщІафІэхэр зэхудокьэсри блын газетым къытыдодзэ.

ЩІэблэр тэмэму гупсысэфу, иджырей гъащІэм хэзагъэу, лъэпкъ напэр яхуэмуэу, цІыхухэм екІуу яхэтыфу едгъэсэн хуейщ, икІи, дауи, а къалэнхэр гъэзэщІэным упэльэщьн папщІэ адыгэ литературэм и зэфІэкІыр икъукІэ инщ. Ар зэрадж программэм, шэч хэмылъу, фІы и лъэныкъуэкІэ зихуэжащ. Абы кьыхьыхьащ иджырей ди зэхэтыкІэм тегъэпсыхьа, гъащІэм хуэзыгъэхьэзыр, гупсысэ куукІэ гъэщІа, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ зиІэ художественнэ тхыгъэ куэд. ЕджакІуэхэм а тхыгъэхэр яфІэгъащІэгъуэну ядж, гъащІэм къащыхуэщьэпэжьын дерсхэр кьыхах. Ар псори фІыт, тэмэмт, ауэ ди жьгъуэ мыхъуу кьанэркъым адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуэхха сыхьэт бжыгъэр кІуэ пэтми зэрагъэмащІэм.

Зыми щэн къытрихьэркъым егъэджакІуэм и лэжьыгъэр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщу зэрыщІытыр, ауэ дэтхэнэ Іуэхури нэхъ тыншу кьыпщохъу, ар уи унафэщІым къыбдиІыгъыу, уэзхищІыкІыу щытмэ. Апхуэдэщ ди еджапІэм и унафэщІ Семэн Инессэ Хьэбас и пхъур. Сыт хуэдэ Іуэхукіэ дыбгъэдыхьэми дэІепыкъуэгъу, чэнджэщэгъу кьытхуэхъуу, дэтхэнэ жэрдэмри кьыддигъэпсынщІэу, кьыддиІэту щытщи, абы папщІэ фІыщІэ ин хуэдэщ.

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэжу

МАФІЭДЗ Людмилэрэ КЪУЭНЫКЪУЕЙ Иринэрэ.

Шэджэм щІыналъэ

Іуэху зехьэкІэ пэрытым и щапхъэ

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм щезыгъэджэхэм я дэІепыкъуэгъуу иужьрей зэманым дунейм къытехьащ методикэ пособие зыбжанэ. Абыхэм кьахэзгъэщхьэхукІыу сытепсэлъэныхьыну сыхуейт егъэджакІуэ Бырмамыт ФатІимэ и кьалэмыпэм кьыпІыкІа «Адыгэ литературэмкІэ урокхэр 10-нэ классым зэрыщегъэджыпхъэр» тхылъ купщафІэм икІи къызыхуэтынщэм.

● ДифІ догъэлъапІэ

ФАТІИМЭ анэдэлъхубзэр илъэс куэд лъандэрэ щрегъэдж Бахъсэн кьалэм дэт курыт школ №94-м. А егъэджакІуэм и лэжьэкІэфІым куэд щыгуаззщ, сэри зыбжанэрэ сыщІэсащ абы и дерсхэм. КьыхэзгъэщІынраращ, Іуэху зехьэкІэ пэрытым и щапхъэщ Бырмамытым и лэжьэкІэр. Аращ а цІыху акъылыфІэм, егъэджакІуэ Іэзэм пщэрылъ щІыхуащІар методикэ чэнджэщхэр зэрыт тхылъ игъэхьэзырыну.

А лэжьыгъэр тэмэму игъэззэщІащ ФатІимэ. Тхылъым хуитха пэублэ псалъэри зэщІэкъуащ, езыри зэхэгъуэщащ адыгэ литературэмкІэ школ программэм кьигъэуІэ кьалэнхэм ятещІыхьауэ. Абы щыубзыхуащ методикэм и Іэмал нэхъыщхьэхэмрэ зэкІэлІэ хуэдэхэмрэ, дерсыр ипэм кьыщІэщІадзауэ икІэм нэсыху зэребгъэкІуэкІ хъуну чэнджэщыфІхэр кьыщыхьащ, доскам зэрыщыбгъэлажьэну щыкІэхэри, учэ лэжьыгъэу етыпхъэхэри, сабийхэм я бзэм зэрызэгъэужьын хуей мардэхэри екІуу кьыщыгъэльэгъащ. Урокхэм ящыщ куэдым эпиграф щхьэхуи хуигъэуващи, абыи лэжьэкІэм щІэщыгъуагъэ хелъхьэ.

Дауи, сыт хуэдэ лэжьыгъэми хуэдэу, мыбыи зэбгъэзэхуэжьын хуейкъэ зэриІэм, ар нэхъыфІыж зэрыпхуэщІынум шэч хэлъхьэм, зэрыжаІэщи, фІагъым и гъунэр кьэпщытэгъуейщ. АрщхьэкІэ кьэхьэзгъэщынут пщэрылъ кьыхуащІа кьалэм мытынышу ФатІимэ хъарзынэу зэригъэзэщІар, Іуэхум жэуапльнигъэ зыхиІэу зэрыпэграгъ.

ЩІэныгъэфІ зыбгъэдэль егъэджакІуэ ІэкъуэгъэкІуэм сохъуэхъу и ехьэлІэныгъэщІэмкІэ. НэгъуэщІ лэжьыгъэфІхэр абы кьыкІэлъыкІуэну ди гуапэщ.

ЕРЖЫБ Асльэн,

педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат.

Анэ пэлъытэ

Си гъащІэ псокІэ сигу илъынщ
Анэ пэлъытэуэ уэ къысхуэпщІахэр,
ЗэкІ сщымыгъупщэуэ ар екІуэкІынщ
Куэдыщэ дыдэу уэ схуэбгъэжьахэр.
Си сабиигъуэм уэ гъуэгуфІ пэж
Сытебгъэувэу уэ супІащ,
СымыщІэ куэдхэм сэ я деж
Уэ сынэбгъэсу лІы сыпщІащ.

Дунейм и щэхухэр зэрыщытыр
Си щхьэфэм уеІэбу къызжепІащ,
ЛІэщІыгъуэ Іэджэм щыІа псор
Си пащхьэм наІуэ къыщыпщІащ.
Иджы къысфІощІыр дыгъуасэ хуэдэу
Уэ сэ си пащхьэм ущитыгъар,
Узэущиеу, жьІэщІэ сыпщІу
КъызэфІэкІыжу хьэл къысхэплъхьар.

ХЬЭХЪУПАЩІЭ Хьэжбэчыр.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Адыгэхэм я Щыгъуэ-щIэж махуэм ирихьэлIэу Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым «Адыгэ театр: къэпсэужа сурэтхэр» гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн къыщыз-зэIуахащ.

«АЛЬБОМ-память о черкесском благотворительном вечере, устроенном в первый раз 18 января 1908 года в г. Екатеринодаре», «Альбом-память о черкесском благотворительном вечере, устроенном второй раз 2 января 1914 года в г. Екатеринодаре» альбомхэрат выставкэм щыпльагъур. А тхыдэ, сурэт, дэфтэр уасэншэхэр Адыгейм и Лъэпкъ музейм зэрихъумам къищынэмыщIауэ, ар ди республикэм щагъэпъэгъуэнымкIи сэбэп хъуащ. Лъэпкъ Iуэхум иригъэвэжу 19-нэ лъащIыгъуэм псэуа лIыхъужьхэр лъащIыгъуитI гъэгъуанэм къызэпхыплъырти, блэкIам и Iыхьэ уи нэгу щIагъэкIырт.

Псыжь адрыщIкIэ щыпсэу адыгэ къуажэхэм 1908 гъэм псыдзэ къащIэуэу къулейсызыгъэ къащыхуихьым, Екатеринодар дэсахэу Долэт-Джэрий Сэльтан, Уэлэгъей Къасболэт, Прахьуэ Хьэмид сымэ хэту «Псыдзэ зыщIэуахэм зэрызыщIагъэкъуэн ахъшэ къыхэзых комитет» къызэрагъэпэщауэ щытащ. ЩIышылэм и 18-м абыхэм ирагъэкIуэкIа адыгэ пшыхьым щIыху куэд екIуэлIауэ, уеблэмэ, нэхъ щIыпIэ жьжьхэзу Псыжь адрыщIкIэ, Тэрч икIа хэтауэ ятхыж.

Iыхьищу гуэшауэ щыта пшыхьыр адыгэ макъамэкIэ къызэIуахащ, лъэпкым и хабзэмрэ тхыдэмрэ ятеухуа тепльэгъуэ етIуанэ Iыхьэм щагъэльагъуэри, кьафэкIэ зэкуащIыжат.

Пшыхьым сом 2000 къыщыхахауэ дэфтэрэхэм къаIуэтэж.

Ахъшэ зэрыIыгъ къызэрыхэкIам и закъуэкъым фIагъыу хэлъар а Iуэхум. КъызэгъэпэщакIуэхэм яхэта Долэт-Джэрий Сэльтан жиIэгъуэ щытащ: «Пшыхьым мыльку-кIэ, ныбжькIэ, лъэпкъкIэ зэмыщхь бзылъхугъэ, хъулъхугъэ щхьэ кьеклуэлIат. Ар ди дежкIэ екъулIэнигъэшхуэщ. Зи гугъу сщIа-хэр нэхъапэм «зэтемыхьэу» щытамэ, дэ ахэр зэрызэхэтшам сыщогуфIыкI».

1911 гъэм и кIэхэм Шэрджэс псапащIэ зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщри, уставри къыкIэлъыкIуэ илъэсым и накъыгъэ мазэм къащтэжауэ щытащ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр лъэпкъ интеллигенцэм, мыльку зыбгъэдэлъ цIыху щхьэхуэхэм я зэфIэкI зэрагъэуIуу лъэпкъ Iуэхур ипэкIэ ягъэкIуэтэнырт. ПсапащIэ зэгухьэныгъэм гъэгъуазэ тхыгъэхэр, тхылъхэр, щIакIуэр, зэуапIэм къыщагъэсэбэпа Iэщдзэр, фэилъхьэгъуэхэр. ЖыпIэнуракъэ, лъэпкым и щхьэм кьрикIуа мыгъуагъэм, и блэкIам, тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ гуузэм ухэзыгъапльэт ахэр. Фондым щахъумэ хьэпшыпхэм ящIыгъуу утыку кьрахьащ XIX лIащIыгъуэм и 30 гъэхэм Франджым къыщыдэкIауэ щыта, Гагарин Григорий «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я фащэхэр» и альбомым ихуа сурэтхэр, художник цIэрыIуэ Лансере Евгений и скульптурэхэр, дэрбзэр, лъэпкъ фащэхэр зыд ХьэщыкIыкI Мадинэ къиГъэщIэрэщIэжа цIыхухъу, цIыхубз, ныбжьыщIэ фащэхэр, цIыхубэ Iэпщlэльапщlэ Пlаз Александр и лэжьыгъэхэр, Мэзло Руслан и арджэнхэр.

Музейм и пэшитIым щагъэва хьэпшыпхэм къыхэщырт лъэпкъым кьикIуа гъэгуанэр зэрыкIыхьымрэ а зэманым кьриубыдэу абы и щхьэм кьрикIуа гуэвэгъуэмрэ. Гъэлъэгъуэныгъэм увыпIэфI щаубыдащ лъэпкым кьыдэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэми. Ар адыгэм зэрихьэ Iэщэ-фащэрауэ щрети, кьагъэсэбэп хьэпшыпхэрауэ ирехъуи... Гу лъыботэ адыгэр зи ужь ихьэ дэтхэнэ зы лэжьыгъэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуиIэу зэрыщытам. Ар къэбгъэсэбэпыну, зепхэну тыншу икIи IуплъагъуафIэу, и теплъэм уэзыIэпишэу щытын хуейт. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэнт XVIII-XIX лIащIыгъуэхэм псэуа адыгэ зауэлIхэм я шыфэлIыфэр, Iэщэ-фащэхэр къызэрыщ сурэтхэр. Адыгэхэм ди лъэпкъ фащэщ жаIэу, хьэгъуэлIыгъуэхэм, гуфIэгъуэ зэхьихьэхэм мыхъуу, махуэ къэс ящыгъыу щыта фэилъхьэгъуэхэр, дыжьын, дыщэ пыIэхэр, бгырыпххэр, уагъэхэр, тхыпхэщIыпхъэхэр дахэ дыдэу къагъэлъэгъуащ.

Адыгэр дахагъэм зэрыхуэнэхьуеиншэм кьыдэкIуэу, лIыгъэ мыкIуэщIи зэрахэпльар кьахэщ утыку кьрахьа сурэтхэм, Iэщэ-фащэхэм. Зэ еплъыгъэкIэ абыхэмкIи псэ яхуэгъэну зэрыщытам-кIэ шэч уагъэщI. Ауэ, зэрытщIэщи, адыгэлIам Iэщэ кьыщIищтэр Iэмалыншагъэ Iуэхущ, и Хэкур ихьумэжын папщIэщ. А махуэм кьызэхуэса цIыхуэхэр гъэлъэгъуэныгъэм зыщ кьызыхуриджэр - зи гъащIэр лъэпкъым щхьэузыхь хуэзыщIахэр тщыгъупщэ хъунукъым: ахэр зыщIэбэна Iуэхур кьайхъулIащ, адыгэ лъэпкъыр дымыкIуэдыжу дыкъызэтенащ, ди бзэр догъэлажьэ, ди хабзэри зэрытхуэзфIэкIкIэ зыдохьэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр иригъэкIуэкIащ музейм и унафэщI Накуэ Феликс. Абы кьыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мурэдин, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри. ЩIыгуэ маухуэм тепсэлъыхьа нэужь, абыхэм я псальэм кьыхагъэщащ апхуэдэ гуэзэвгъуэ дяпэкIэ дымыльагъуну, ди дунейр мамыру дыпсэуну, нобэ дыщIэщыгъуэм и щхьэусыгъуэм хуэдэ махуэ ди лъэпкъ маухуэгъэпсым хэмыту, дыгуфIэу, дыгушхуэу, дефIакIуэу, зыдужьу адыгэр куэдрэ Тхьэм дунейм дытригъэтыну.

Выставкэр щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн ящыхъуащ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я блэкIам, тхыдэм, лъэпкъ фащэхэм, Iэщэхэм дихьэхэм. А хьэпшыпхэр фащэхэр кьэзыгъэщIэрэщIэжхэм зэрахуэщхьэпэнум шэч хэлъкъым.

Къызэхуэсахэр щыкIэпшынэкIэ адыгэ макъамэ щIагъэдэIуащ. КьищынэмыщIауэ, гупыж зыщIа дэтхэнэми Iэмал иIащ Iуэрыуатэм щыщ пычыгъэхэм чэзууэ кьеджэну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Гъэтъэгъуэныгъэхэр

«Къэпсэужа» сурэтхэр

и унафэщIу хахар пщIэшхэр зыхуащIу щыта инженер Щэрдан Батырбэчыщ. Абы и къуэдзэ къулыкъур промышленник, псапащIэ Пlрахьуэ Лу хуагъэфэщауэ щытащ. Уэлэгъей Къасболэт, Куэщэ Пщымахуэ, СулътIан Пашэ-Бэч сымэ правлензм хагъэхьащ. Къыхэгъэщыпхъэщ абы адыгэ интеллигенцэм, дзэм къулыкъу щызыщIэхэм, сату Iуэхум пыщIахэм фIэкIа зэрызэмытар.

1914 гъэм ирагъэкIуэкIа етIуанэ адыгэ пшыхьыр апхуэдизу дахэу къызэрагъэпэщати, лъэпкъ щэнхабзэм и тхыдэм увыпIэ щхьэхуэ щиубыдащ.

Шэрджэс зэгухьэныгъэм и театрым тхакIуэ Хьан-Джэрий Сультан и «Кушыку и теуэ» пьесэр игъэувауэ щытащ. Актёр Iэзагъ ябгъэдэлъу абы къыхаша адыгэ ныбжьыщIэхэм къищынэмыщIауэ, дзэм и оркестрыр, скрипкэм, адыгэ лъэпкъ макъамэхэм еуэ гупхэр кърагъэблагъат. Абы кьыхэкIа ахъшэр адыгэхэм я япэ лъэпкъ егъэджакIуэ курсхэр къызэрэпэщыным трагъэкIуэдауэ щытащ.

«Адыгэ пшыхьхэм уи нэгу зрагъэужь къудей мыхъуу, тхыдэ-жылагъуэ мыхьэнэ яIэщ. Абы щытпльагъу теплъэгъуэ кIэщIхэмкIэ лъэпкъым и блэкIам, и тхыдэм нэIуасэ дыхуащI, тхыдэ литературэм мащIэ дыдэу фIэкIа щамыджа Iуэхугъуэхэм дыщагъэгъуазэ. Тхылъ напэкIуэцI гъущэхэм апхуэдэу дахэу, уи фIэщ хъууэ уи нэгу кьыщIагъэувэфырк ъым а псори», - итхауэ щытащ Екатеринодар кьыщыдэкI газетым.

Шэрджэс зэгухьэныгъэм нэхъ жыдэжру хэтахэм ящыщщ Адыгейм и театрым и къызэгъэпэщакIуэу къалъытэ Долэт-Джэрий Сультан. Тыркум щыпсэу адыгэхэм ятеухуауэ «Известия общества любителей изучения Кубанской области» журналым къытригъэдза тхыгъэм и ужькIэ ар куэдым къащIыхуат. Лъэпкъым и тхыдэмрэ энографиемрэ джыным гулъытэшхуэ хуищIырт абы, щэнхабзэ-уэзщIакIуэ, псапащIэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтауэ ятхыж. 1918 гъэм, граждан зауэм и зэманым, плъыжьхэм яукIауэ щытащ Сультан.

Натрыб (Щэрэлокъуэ) ФатIимэт зэгухьэныгъэм и артист гупым хэтащ, 1909 гъэм Щэрэлокъуэ Натрыб дэкIуэри, 1919 гъэм Уэсмэн къэралыгъуэм Iэпхъуащ.

ФатIимэт Тыркум щыIэ ди лъэпкъэгъуэхэм ядэIэпыкъурт. Адыгэ бзылъхугъэхэм я комитет къызэригъэпэщауэ щытащ, Тыркум кьулыкъу щызыIыгъхэм захуигъаззу абы щыIэ адыгэ хэхэсхэм Iэмал имыIэу унэ иратын хэгъуейр ягурагъIуэн хуэфIэкIат. Абы иужькIэ тырку сультIаным и гъэмахуэ унэхэм ящыщ зым, унэльащIэ щIэмыту, адыгэхэр щIигъэтIысхьауэ щытащ.

И унагъуэм и гъусэу иужькIэ Нью-Йорк Iэпхъуа бзылъхугъэм и щхьэгъусэр дунейм екъыжри, бынилI къыхуэнащ. ФатIимэт зэрыакъылыфIэм къищынэмыщIауэ, икIи Iэпэlэсэт. Ар куэдкIэ къыщхьэпэжащ бзылъхугъэм. Модэм, щыгъыным хуиIэ гъэдыхьэкIэ щIэщыгъуэр, екIур щигъэльагъуэм, цIыхухэм ягу ирихьри, театрым, кином щыджэгу артистхэм я фащэхэр яхуид хъуат. Сыт хуэдэ Iуэху илэжьами, адыгэгу зиIэ бзылъхугъэм лъэпкъымкIэ и гупэр гъэза зэпытт. И дуней тетыкIэкIэ, гупсысэкIэкIэ, Iуэху щIэкIэкIэ фIыуэ къацIыхуа адыгэ цIыхубзым пщIэ, щIыхь лъагэ кьилэжьат. Абы Нью-Йорк щIэ унэм и пэшышхэр адыгэ хьэщIэщ ищIауэ, зыгъэсэхугъуэ махуэхэм, хабзэм тету, цIыхухэр кьригъэблагъэрт. Еристау Сидамин и гъусэу «Аллаверди» адыгэ-куржы ассоциацэ къызэрагъэпэщауэ щытащ.

«Мы сурэтхэр япэу 1995 гъэм щыслъэгъуам сатхьэкъуауэ щытащ. Абыхэм кьатещ цIыхухэр къопсэльэныным хуэдэщ, пхузыщымыгъэгъупщэу уатхьэкъу.

Мыбыхэм нэмыщI, иджыри альбомитI щыIэщи, зыр Екатеринодар, адрейр Сочэ щахъумэ.

Тхьэм жиIэрэ къыдэхъулIэмэ, а альбомхэр къыдэдгъэкIыжыну ди мурадщ», - жиIащ Арт-центрым и унафэщI Сэралъп Мадинэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

«Хэкум пэIэщIэу»

Дзэлыкъуэкъуажэ дэт библиотекэм и лэжьакIуэхэм тхылъеджэхэр нэхъыбэ ящIыным, щIэблэр литературэм драгъэхьэхыным, хэкупсэу къэгъэтэджыным хуэгъэпса Iуэху щхьэпэхэр къаIэт зэпытщ.

АДЫГЭХЭМ я щыгъуэ махуэм хуэгъэпсауэ «Хэкум пэIэщIэу» фIэщыгъэ зиIэ зэIуащIэ КIэмыргуей Мадинэ, Джэданэ Заремэ, Афlэунэ Лейлэ сымэ иджыблагъэ къызэрагъэпэщащ. Лъэпкъым лъапсэрыхьыр къыхуигъакIуэу лIащIыгъуэм щIигъукIэ зыхэта зауэжьыр къызыхощыж тхылъхэр щызэхуэхьэсат библиотекэм щагъэхьэзыра гъэлъэгъуэныгъэм. Хьэзаб, гугъуехь, гуауэ хьэлъэхэр зыгъэва адыгэм и тхыдэм, хабзэм, лIыхъужьыгъэ зэрихьам, и бзэр зэрихъумэжьыфам тепсэлъыхьащ абы кърихьэлIахэр. Апхуэдэуи Урыс-Кавказ зауэм теухуа усэхэм кьеджащ, гъыбзэ щыжаIащ.

Я зыгъэхьэзырыкIэкIэ зэIуащIэм къыщыхэжаныкIауэ къалъытар Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт еджапIэм и 6-нэ «б» классым щеджэ ныбжьыщIэхэрщ, егъэджакIуэр Быж Иннэщ.

КъыдэкIуэтэй щIэблэм тхыдэр ящIэу, адыгэгу яIэу къэгъэтэджынымкIэ апхуэдэ зэIуащIэхэр щхьэпэщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Зэхыхьэхэр

БлэкIам зыщагъэгъуазэ

Дапщэщи хуэдэу, накъыгъэм и 21-м, Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм теухуа зэIущIэхэр республикэм щекIуэкIащ. НыбжьыщIэхэм я библиотекэу Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэм Урыс-Кавказ зауэр эрирухэр илъэси 152-рэ щрикъум ирихьэлIэу къыщыдэгъэпэща зэхьыхьэри зытеухуар арат. Абы ирагъэблэгъащ промышленность псынщIэмкIэ колледжым и студентхэр.

БИБЛИОТЕКЭМ и лъахэхутэ къудамэм и лэжьакIуэхэу КIэщт Рузаннэрэ Рахаевэ Фаризэрэ къызэхуэсахэм яхутепсэльыхьащ Кавказым и щIыуэпсым и дахагъым, хьэуам и къьабзагъым, щIыпIэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрыщыпсэум, адыгэхэр зэрыс жэнэт щIынальэр зыIэрагъэхьэну нэгъуэщI лъэпкъхэр ижь-ижьыж лъандэрэ кьещIу зэрыщытам, Урыс-Кавказ зауэм ар щIэдзапIэ зэрыхузэхуам, абы ди лъэпкъэгъу цIыху мин бжыгъэхэр зэрыхэкIуэдам, къэнахэр я Хэкум зэрыраухуам. Апхуэдэу студентхэр хагъэгъуэзащ адыгэхэр зэкъуэчауэ щIыпIэ куэдым - Адыгэ, Къабардей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайжэм, хамэ къэралхэм (Тыркум, Сирием, Иорданием, Мысырым, Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Иракым, Ливием, Мадагаскарым, Израилым, Ираным, Болгарием, Японием, Албанием, Пиваным, Голландием, Австралием, Сауд Хьэрыпым), нэгъуэщI щIыпIэхэм зэрыщыпсэум.

Студентхэр ирагъэплъащ «Завораживающий фильм про адыгов», «Черкесия» документальнэ фильмхэм щыщ пычыгъуэхэм. Зи щхьэхуитныигъэр, Хэкур, напэр зи псэм япэ изыгъэщ адыгэхэр щхьэмыгъаззу бийм лIэщIыгъуэм щIигъукIэ зэрыпсэщIэтар, лъапсэрых зауэм кьела адыгэхэм ди бзэр, хабзэр, щэнхабзэр зэрытхъумэжар, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм пщIэ, щIэныгъэ, кьулыкъу лъагэхэр зэрагъэ, щыпсэу щIыпIэм и зыужьныигъэм я зэфIэкIрэ кьарурэ зэрыраухьэлIэр, мукъэжьыгъэр хэжькъым хуэпабгъэу зэрыпсэур а лэжьыгъэхэм кьыхэщыт.

Лермонтов Михаил Кавказым теухуа и усэхэмрэ поэмэхэмрэ ящыщ пычыгъэхэм, Балъкъэр Фоусэт, Инэмыкъуэ Мулид, нэгъуэщIхэми я Iэдакъэщ Iэхьхьэм къыщеджащ.

Кавказ зауэм, тхыдэм ятеухуа уэрэдхэр жаIащ Бекъул Асльэн, и Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и студент Мудрэн Марьянэ, Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым щеджэжу ЩIанкIэ Темыларэ Нэгъуэй Елдарэ.

КIэщт Рузаннэ студентхэр къыхуриджащ блэкIам, тхыдэм хущIэмыдыжу абы дерс къыхахыну, зэгъунэгъуу псэу лъэпкъэр зэгурыIуэу, шыIэныгъэ яку дэлъу зэдэпсэуным хущIэкъуащ.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэманым и гъуджэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм къыщыгъэIуахащ «Зэманым и гъуджэ» гъэлъэгъуэныгъэр. Ар теухуащ Кавказ зауэр зэриухэр илъэси 152-рэ зэрырикъум.

ВЫСТАВКЭМ хагъэхьащ Къухьэпlэ Европэм хыхьэ кьызэралхэм щыпсэу сурэтыщIхэм я Iэдакъэщ-щIкI гравюрэхэр. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий а лэжьыгъэхэр Лъэпкъ музейм тыгъэ кьыхуищIащ. Апхуэдэу утыку кьрахьащ Кавказ зауэр зэрекIуэкIар уи нэгу кьыщIэзыгъэхьэу музейм и фондым щахъумэ сурэтхэр, хьэпшыпхэр, Iуэхум ухэзыгъэгъуазэ тхыгъэхэр, тхылъхэр, щIакIуэр, зэуапIэм къыщагъэсэбэпа Iэщдзэр, фэилъхьэгъуэхэр. ЖыпIэнуракъэ, лъэпкъым и щхьэм кьрикIуа мыгъуагъэм, и блэкIам, тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ гуузэм ухэзыгъапльэт ахэр. Фондым щахъумэ хьэпшыпхэм ящIыгъуу утыку кьрахьащ XIX лIащIыгъуэм и 30 гъэхэм Франджым къыщыдэкIауэ щыта, Гагарин Григорий «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я фащэхэр» и альбомым ихуа сурэтхэр, художник цIэрыIуэ Лансере Евгений и скульптурэхэр, дэрбзэр, лъэпкъ фащэхэр зыд ХьэщIыкIу Мадинэ къиГъэщIэрэщIэжа цIыхухъу, цIыхубз, ныбжьыщIэ фащэхэр, цIыхубэ Iэпщlэльапщlэ Пlаз Александр и лэжьыгъэхэр, Мэзло Руслан и арджэнхэр.

Музейм и пэшитIым щагъэва хьэпшыпхэм къыхэщырт лъэпкъым кьикIуа гъэгуанэр зэрыкIыхьымрэ а зэманым кьриубыдэу абы и щхьэм кьрикIуа гуэвэгъуэмрэ. Гъэлъэгъуэныгъэм увыпIэфI щаубыдащ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэми. Ар адыгэм зэрихьэ Iэщэ-фащэрауэ щрети, кьагъэсэбэп хьэпшыпхэрауэ ирехъуи... Гу лъыботэ адыгэр зи ужь ихьэ дэтхэнэ зы лэжьыгъэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуиIэу зэрыщытам. Ар къэбгъэсэбэпыну, зепхэну тыншу икIи IуплъагъуафIэу, и теплъэм уэзыIэпишэу щытын хуейт. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэнт XVIII-XIX лIащIыгъуэхэм псэуа адыгэ зауэлIхэм я шыфэлIыфэр, Iэщэ-фащэхэр къызэрыщ сурэтхэр. Адыгэхэм ди лъэпкъ фащэщ жаIэу, хьэгъуэлIыгъуэхэм, гуфIэгъуэ зэхьихьэхэм мыхъуу, махуэ къэс ящыгъыу щыта фэилъхьэгъуэхэр, дыжьын, дыщэ пыIэхэр, бгырыпххэр, уагъэхэр, тхыпхэщIыпхъэхэр дахэ дыдэу къагъэлъэгъуащ.

Адыгэр дахагъэм зэрыхуэнэхьуеиншэм кьыдэкIуэу, лIыгъэ мыкIуэщIи зэрахэпльар кьахэщ утыку кьрахьа сурэтхэм, Iэщэ-фащэхэм. Зэ еплъыгъэкIэ абыхэмкIи псэ яхуэгъэну зэрыщытам-кIэ шэч уагъэщI. Ауэ, зэрытщIэщи, адыгэлIам Iэщэ кьыщIищтэр Iэмалыншагъэ Iуэхущ, и Хэкур ихьумэжын папщIэщ. А махуэм кьызэхуэса цIыхуэхэр гъэлъэгъуэныгъэм зыщ кьызыхуриджэр - зи гъащIэр лъэпкъым щхьэузыхь хуэзыщIахэр тщыгъупщэ хъунукъым: ахэр зыщIэбэна Iуэхур кьайхъулIащ, адыгэ лъэпкъыр дымыкIуэдыжу дыкъызэтенащ, ди бзэр догъэлажьэ, ди хабзэри зэрытхуэзфIэкIкIэ зыдохьэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр иригъэкIуэкIащ музейм и унафэщI Накуэ Феликс. Абы кьыщыпсэлъащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мурэдин, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри. ЩIыгуэ маухуэм тепсэлъыхьа нэужь, абыхэм я псальэм кьыхагъэщащ апхуэдэ гуэзэвгъуэ дяпэкIэ дымыльагъуну, ди дунейр мамыру дыпсэуну, нобэ дыщIэщыгъуэм и щхьэусыгъуэм хуэдэ махуэ ди лъэпкъ маухуэгъэпсым хэмыту, дыгуфIэу, дыгушхуэу, дефIакIуэу, зыдужьу адыгэр куэдрэ Тхьэм дунейм дытригъэтыну.

Выставкэр щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн ящыхъуащ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я блэкIам, тхыдэм, лъэпкъ фащэхэм, Iэщэхэм дихьэхэм. А хьэпшыпхэр фащэхэр кьэзыгъэщIэрэщIэжхэм зэрахуэщхьэпэнум шэч хэлъкъым.

Къызэхуэсахэр щыкIэпшынэкIэ адыгэ макъамэ щIагъэдэIуащ. КьищынэмыщIауэ, гупыж зыщIа дэтхэнэми Iэмал иIащ Iуэрыуатэм щыщ пычыгъэхэм чэзууэ кьеджэну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапlэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапlэм № Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къанщокъуэ Элэ,** *редактору* **Къумахуэ Асльэн,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.076 ● Заказ №667